

Entwodiksyon

Kisa Plan Swen Sante Mwen an ak Plan Swen Ijans Mwen an ye?

CDS fyè pou li pataje de (2) plan swen pou sip te sante ou ak byennèt ou lè w ap ale kay doktè ou a oswa lè w ap chèche swen ijans.

Plan Swen Sante Mwen an (My Health Care Plan, MHCP) se yon fason pou pataje enfòmasyon sou ou ak andikap ou a bay pwofesyonèl lasante yo. Plan sa a gen ladann enfòmasyon alekri pou fè pwofesyonèl swen sante ou yo konnen ki fason pou yo pi byen reponn ak bezwen ou genyen nan zafè swen sante.

Plan Swen Ijans Mwen an (My Emergency Care Plan, MECP) se plan ijans ou. Plan yon paj sa a se yon kote pou òganize tout enfòmasyon pèsònèl ou ak enfòmasyon sou sante ou ki pi enp tan, pou w ka fasilman fè konnen ki bezwen enp tan ou genyen nan zafè swen sante ak sipò pandan yon sityasyon ijans.

Kòman pou mwen ranpli fòm Plan Swen Sante Mwen an ak Plan Swen Ijans Mwen an?

Ranpli sa ou ka ranpli lè w annik reponn kesyon yo, oswa kèk pati nan kesyon yo, sa ou santi ou alèz pou pataje yo. Anba a gen kèk lòt mezi ou ka pran:

1. Chwazi yon moun ki se yon moun k ap sip te ou. Moun k ap sip te w la gendwa se yon manm fanmi, yon vwazen oswa yon zanmi ki ka ede w nan yon ijans.
2. Fè moun k ap sip te w la konnen bezwen espesifik ou yo epi pataje MHCP a ak MECP a avèk moun k ap sip te w la.
3. Di moun k ap sip te w la ki kote materyèl ijans ou yo estoke. Montre moun sa a kote ou ranje materyèl ijans yo.
4. Yon Enstriksyon Alavans (Advance Care Directive) se yon fason pou fè konnen ki tretman medikal ou ta vle oswa refize, si ou ta malad grav, blese, oswa ou pa kapab pran desizyon oswa ou pa kapab fè konnen desizyon ki dwe pran konsènan swen ou ak tretman ou. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri rele Pwogram Lwa pou Moun Ki Gen Andikap yo (Disabilities Law Program) nan Community Legal Aid Society Inc. nan nimewo 302 575-0660.
5. Bay yon moun ou fè konfyans yon kle kay ou oswa yon kle apatman ou. Dakò ak yon sistèm ki pèmèt ou mande èd si telefòn ak elektrisite pa fonksyone.
6. Montre lòt moun ki kote pou yo jwenn bagay sa yo, epi fason pou yo ede w avèk, chèz woulant ou an, aparèy komunikasyon ou an oswa lòt teknoloji asistans ak sipò ou gendwa itilize.
7. Fè plizyè kopi MHCP ak MECP ou a. Kenbe yon kopi MHCP ak MECP ou a avèk ou si ou pa kapab gen yon moun akonpanye ou pou yon kantite tan ak z yon epidemi maladi atrapan oswa yon lòt ijans oswa yon katastw f.
8. Fè yon kopi pou manm fanmi yo epi mete sa nan Kit Ijans Fanmi (Family Emergency Kit) ou an.



UNIVERSITY OF DELAWARE
**CENTER FOR
DISABILITIES STUDIES**

University of Delaware, College of Education and Human
Development, 461 Wyoming Road, Newark, DE 19716
302-831-6974 • 302-831-4689 TDD • cds.udel.edu



DELAWARE
DDC
DEVELOPMENTAL DISABILITIES COUNCIL
Developmental Disabilities Council
Margaret M. O'Neill Building, Suite 2
410 Federal Street, 2nd Floor
Dover, Delaware 19901 • 302-739-3333